Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 20 MILYON DOLA YO BAY POU EDE REFIJYE JWENN EPI KENBE TRAVAY

Finansman pou ede refijye ki fèk reyenstale ki tranzisyone pou yo viv nan Eta New York

Prèske 4,200 refijye te reyenstale nan Eta New York ane pase a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 20 milyon dola yo te bay 17 òganizasyon kominotè ki ede refijye yo vin travay pandan y ap ajiste nouvo kay yo nan New York. Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye (Refugee Support Services Program) yo, ki finanse pa Biwo Reyenstalasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) yo, kontinye rete yon pati fondamantal nan efò siksè eta a pou reyentegrasyon refijye yo nan kominote yo atravè New York.

"Eta New York gen yon istwa fyè nan akeyi moun ki deplase pa vyolans oswa ki sove pa pèsekisyon ak bra ouvè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo pral leve kominote refijye yo, epi reprezante angajman enkondisyonèl anvè posibilite ak pwomès yo pote nan eta nou an."

Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye yo bay sèvis tankou abòde baryè nan travay, tankou ajisteman sosyal ak kiltirèl, konpetans pou chèche travay, eksperyans travay, ak konpetans nan Anglè. Yo bay sèvis tranzisyon tou pou asire travay kontinyèl ak amelyore opòtinite pou avansman.

Biwo Sèvis Refijye Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la(Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) responsab pou aplikasyon pwogram ak sèvis pou ede refijye yo nan Eta New York. Resous federal yo ale jwenn antite lokal ki ede refijye yo ak fanmi yo, ansanm ak lòt moun ki gen yon sitiyasyon imigrasyon menm jan an, pou yo rive jwenn oto-sifizans ekonomik ak sosyal.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Eritaj New York la enfliyanse anpil pa volonte nou pou aksepte ak ede moun k ap sove pou pèsekisyon, vyolans, ak entolerans aletranje. Pandan nou te rekonèt Jounen Mondyal Refijye semèn sa a, nou kontinye fyè tradisyon sa a lè nou bay

yon kote ki an sekirite pou moun ak fanmi sa yo, ansanm ak sipò yo bezwen pou yo rekòmanse lavi nan eta nou an."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "New York te toujou yon kote ki an sekirite pou moun k ap sove pou vyolans ak pèsekisyon. Nou rekonèt kontribisyon enpòtan popilasyon refijye ak imigran nou yo, epi atravè Biwo pou Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans, ONA) nan Depatman Deta (Department of State, DOS), nou travay pou sipòte ak leve moun sa yo pandan y ap tranzisyone nan yon nouvo lavi isit nan Eta nou an. Prim 20 milyon sa a ap bati sou efò sa yo epi l ap ede bay refijye yo zouti yo bezwen pou yo reyisi ak pwospere nan mache travay jodi a."

17 founisè sèvis refijye san bi likratif atravè eta a te resevwa finansman pou bay travay ak sèvis sipò tranzisyon pou ede refijye ki fèk reyenstale ak fanmi yo adapte yo ak lavi nan Etazini. Benefisyè yo enkli:

Vil New York
Catholic Charities Community Services, Archdiocese of New York – NYC, 802,400 dola
Shorefront YM-YWHA nan Brighton-Manhattan Beach Inc., 1,469,300 dola
CAMBA, Inc.: 400,000 dola
Center for Family Life in Sunset Park Inc., 548,679 dola
El Barrio’s Operation Fight Back Inc., 410,000 dola

Long Island
Catholic Charities of Long Island (Charite Katolik nan Long Island), 288,500 dola

Mid-Hudson
Catholic Charities Community Services, Archdiocese of New York – Metro, 333,500 dola

Rejyon Kapital
U.S. Committee for Refugees and Immigrants Inc., (Komite pou Refijye ak Imigran nan Etazini) 1,784,700 dola
Albany County Opportunity Inc., 342,566 dola

Southern Tier
American Civic Association Inc., (Asosyasyon Sivik Ameriken) 148,742 dola

Western New York
Journey's End Refugee Services Inc., (Sèvis Refijye Journey's End) 2,559,604 dola
Jewish Family Services of WNY (Sèvis Fanmi Jwif nan WNY) – Buffalo, 2,724,000 dola
Jewish Family Services of WNY (Sèvis Fanmi Jwif nan WNY) – Niagara, 148,741 dola

Finger Lakes
Catholic Charities Family and Community Services (Sèvis Kominotè ak Familyal Charite Katolik), 1,423,427 dola
Distri Lekòl Vil Rocheste (Rocheste City School District), 1,000,000 dola

Mohawk Valley
The Center, 1,560,000 dola

Central New York
Catholic Charities of Onondaga County (Charite Katolik Konte Onondaga), 4,055,841 dola

Eta New York te akeyi prèske 4,200 refijye oswa moun ki sou Viza Imigran Espesyal (Special Immigrant Visa, SIV) ant oktòb 2022 jiska septanm 2023, epi pi fò nan moun sa yo reyenstale nan kominote nò eta yo. Refijye sa yo enkli 991 ki soti nan Afganistan, 912 ki soti nan Repiblik Demokratik Kongo, 717 ki soti nan Siri, 541 ki soti nan Birmani, ak 122 ki soti nan Kolonbi.

Refijye yo se moun ke yo pi siveye ajk verifye pou vwayaje Ozetazini. Anvan yo reyenstale yo, ajans entèlijans yo pase yo anba anpil kontwòl sekirite, tankou tès byometrik, tès medikal, ak entèvyou an pèsòn ak ofisyèl Depatman Sekirite Enteryè Etazini an.

Refijye k ap viv nan New York fè kontribisyon enpòtan nan ekonomi eta a kòm moun k ap touche, kontribyab, ak konsomatè, dapre yon etid pa New American Economy. Kay refijye yo te touche apeprè 6.2 milya dola chak ane epi yo kontribye apeprè 2 milya dola nan taks federal, eta ak lokal yo.

PDG Jewish Family Services of WNY, Molly Carr, te deklare, "JFS konprann anpil obstak refijye granmoun ak jèn yo ap rankontre pandan y ap chèche oto-sifizans ak asimilasyon nan nouvo kominote yo, sitou pou jwenn ak kenbe travay ki gen sans. Lè nou ofri sèvis karyè ki konsantre sou refijye yo epi nou bay sipò konplè endividyèl ak fanmi pou ede tranzisyon an nan yon nouvo peyi epi adrese nenpòt baryè nan travay, nou ka pi byen gide refijye yo sou wout yo pou yo rive jwenn estabilite finansye ak pèsonèl."

Direktè Egzekitif ak PDG American Civic Association, Hussein Adams, te deklare, "Depi 1939, Asosyasyon Sivik Ameriken (American Civic Association, ACA) nan Binghamton ap bay sèvis sipò imigrasyon ak fyète pou moun ki fèk vini atravè mond lan. ACA rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou prim sa a, paske li pèmèt nou bay moun ki fèk vini yo plis opòtinite pou devlopman ekonomik, enklizyon, ak oto-sifizans. Atravè reyenstalasyon ak entegrasyon refijye yo, divèsite kiltirèl reyalize, epi kominote lokal yo vin rich ak pi dinamik. Nan ACA a, nou kwè ke lè Nouvo Ameriken pwospere, nou tout pwospere! Mèsi, Gouvènè Hochul, pou sipò ou kontinye bay pou fè Eta New York vin yon eta akeyan."

Direktè Egzekitif Shorefront YM-YWHA of Brighton-Manhattan Beach Inc., Susan Fox, te deklare, "Shorefront YM & YWHA fyè pou travay avèk NYS OTDA ak patnè kolaborasyon nou yo pou aplike yon Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye (Refugee Support Services Program, RSSP) ki dedye pou ede refijye ki elijib yo reyalize oto-sifizans

ekonomik ak sosyal pi vit posib lè yo rive Etazini. An reyalite, fokis RSSP sou idantifye ak simonte baryè, fasilite plasman travay ak siksè, kenbe travay, ak oto-sifizans fanmi yo tou de reflete ak respekte espwa ak rèv dè milye refijye ke nou travay ak yo. Nou toujou ap enspire pa efò ekstrawòdinè ak pèseverans refijye k ap sove nan sikonstans difisil ak danjere ki anvi bati lavi yo nan New York, epi ki vle viv an sekirite, sipòte fanmi yo, epi kontribiye nan sosyete a."

Directè Egzekitif Biwo Edikasyon pou Adilt ak Edikasyon Pwofesyonèl Distri Lekòl Rochester City a, Tinkelman Festenstein, te deklare, "Nou pwofondman onore ak rekonesan pou nou resevwa prim RSSP la. Rekonesans sa a se yon temwayaj travay di ak devouman tout ekip nou an nan RCSD OACES. Avèk prim sa a, nou pral kapab fè yon enpak enpòtan sou trajektwa ekonomik fanmi refijye yo atravè yon foul moun nan sèvis yo. Lè nou ekipe manm kominote nou yo ak konpetans ak opòtinite ki nesesè yo, nou pran angajman pou kreye chemen ki pèmèt fanmi sa yo bati yon avni ki pi briyan."

Vis Prezidan Pwogram Family Prosperity nan Catholic Charities Family and Community Services (Sèvis Kominotè ak Familyal Charite Katolik), Jim Morris, te deklare, "Finansman sa a pral ogmante Pwogram Sèvis Travay Refijye CCFCS ki deja reyisi a. Nou kenbe yon baz ki gen plis pase 100 anplwayè nan zòn Greater Rochester epi nou mete plis pase 370 refijye nan travay lokal depi 2019. Pandan menm peryòd la, plis pase mwatye nan refijye ajans nou an mete nan travay yo vin otonòm nan 90 jou apre yo fin travay."

Direktè Egzekitif Albany Community Action Partnership Neenah A. Bland, te deklare, "Albany Community Action Partnership kontan anpil pou l kreye patenarya ak OTDA pou Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye yo. Inisyativ sa a se yon etap enpòtan pou ankouraje endepandans ekonomik, asire nouvo manm kominote nou yo gen sipò ak opòtinite yo bezwen pou konstwi nouvo lavi yo. An retou, efò nou yo pral ede kiltive yon kominote ki pi solid epi ki pi enklizif pou tout rezidan Konte Albany yo."

Direktè Jeneral Catholic Charities nan Achidyosèz New York la, Monsenyè Kevin Sullivan, te deklare, "Catholic Charities kontan kontinye patenarya li ak Eta New York pou bay travay ak sèvis sipò sosyal pou moun ki fèk vini nan New York – refijye, moun ki resevwa azil, viktim trafik moun, ak libète imanitè. Moun ki te rive nan Vil New York ak Lower Hudson Valley yo bezwen sipò pou yo entegre ak rebati lavi yo nan nouvo kay yo. Nouvo imigran ak refijye yo revitalize epi ranfòse kominote nou yo."

Direktè Egzekitif Center a, Shelly Callahan, te deklare, "Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye yo esansyèl pou kominote refijye yo nan Konte Oneida ak pou anpil anplwayè k ap ogmante mendèv yo. Sant lan sèvi plizyè milye kliyan chak ane pou jwenn travay, entegre nan kominote nou an, epi vin endepandan atravè pwogram RSS la. Nou rekonesan anvè NYS ak Gouvènè Hochul dèske yo sipòte pwogram enpòtan sa a pou bati kominote a ak rezistans ekonomik, epi pou nou akeyi plizyè milye refijye ki fè Eta New York vin lakay yo."

Ko-Direktè Egzekitif Center for Family In Sunset Park, Julia Jean-Francois, te deklare, "Center for Family Life in Sunset Park gen anpil onè pou l patisipe nan Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye Eta New York la, ke Biwo Asistans Tanporè ak AndikapEta New York ap aplike. Nou pran angajman pou bay sipò travay ansanm ak sipò sèvis sosyal pou refijye yo ak fanmi yo nan Brooklyn, epi nou kontan akeyi kèk nan nouvo Nouyòkè nou yo nan kominote vibran nou an. Refijye yo pote detèminasyon yo, konduit yo, espwa yo ak rèv yo pou avni briyan nan Vil nou an epi nou wè kontribisyon enpòtan ke refijye yo ak manm fanmi yo fè chak jou nan yon New York ki solid ak fleksib."

Direktè Egzekitif Catholic Charities of Onondaga County, Michael Melara, te deklare, "Se yon onè pou nou resevwa prim finansman sa a. Li sèvi kòm yon temwayaj devouman Gouvènè Hochul pou sipòte refijye yo ak ankouraje yon kilti akeyan pandan y ap rebati lavi yo."

Prezidan ak PDG CAMBA, Inc. Valerie Barton-Richardson, te deklare, "Antanke yon òganizasyon san bi likratif k ap resevwa finansman sa a, CAMBA dedye pou sèvi refijye yo, epi nou fyè dèske nou fè pati 17 founisè atravè eta a k ap resevwa finansman pou sipòte popilasyon vilnerab sa a. Refijye yo pote yon valè imans nan Eta New York, alafwa kiltirèlman ak ekonomikman, epi nou pran angajman pou ede yo adapte yo ak lavi nan Etazini an. Avèk finansman sa a, nou ka kontinye bay sèvis esansyèl tankou plasman travay direk ak sipò pou kenbe tèt yo. Sèvis sa yo ede refijye yo bati lavi ki bay siksè nan nouvo kominote yo."

Michael Smith, PDG Catholic Charities of Long Island, te deklare, "Nan Catholic Charities of Long Island lafwa nou enspire nou pou nou pran swen tout moun ki nan bezwen epi nou kwè chak moun se yon pitit Bondye ki merite respè ak diyite. Pwogram Sèvis Sipò pou Refijye yo ede moun ak fanmi ki elijib pwospere nan kominote nou yo. Kolaborasyon efikas sa a bay fòmasyon travay ak entegrasyon sèvis ki pote oto-sifizans pandan y ap amelyore detèminan sosyal sante yo. Nou fyè pou nou patisipe nan efò sa yo pou reyalize rezilta siksè lokalman ak atravè Eta New York."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU